



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINISMAN TOU PREMYE SANT SOVTAJ NAN INONDASYON DLO VIV KI GEN NAN NASYON AN NAN MOHAWK VALLEY

Premye Pwomosyon yo ap Kòmanse Jodi a pou Sekouris k ap soti Toupatou Atravè Eta a yo nan Etablisman Fòmasyon pou Sovtaj nan Dlo Viv la

Dènye Etap Enpòtan sa a Fè Pati Amelyorasyon Kapital 42 Milyon Dola yo gen pou Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a ki nan Mohawk Valley a

Videyo ak Foto Etablisman an Aksyon [Isit la](#) ak [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke fòmasyon pral kòmanse jodi a nan nouvo Sant Fòmasyon Inondasyon Dlo Viv yon (Swift Water Flood Training Center) fenk fini an ke yo ap dedye sèlman a fòmasyon premye sekouris Eta New York la yo. Etablisman modèn depwent sa a ki nan Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a (State Preparedness Training Center) Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) ki nan Oriskany, Konte Oneida, se sèl sant fòmasyon konsa ke yo dedye a fòmasyon sekouris ponpye, fòs lapolis, ak Sèvis Medikal Ijans (Emergency Medical Services, EMS) yo pou fòme yo sou konpetans teknik nesèsè pou yo pèfòme sovtaj nan dlo nan kondisyon kontwole.

“Finisman sant fòmasyon avanse sa a se yon trè gran pa vè lavan nan efò nou ap fè pou nou asire ke premye sekouris toupatou atravè eta a yo ekipe ak ekspètiz yo bezwen pou yo pwoteje kominote New York la yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.**

“Pandan n ap prepare pou move tan ekstrèm ensèten yo, etablisman inik sa a pral ede ofri pi bon fòmasyon posib pou pwoteje Nouyòk yo.”

Etablisman fòmasyon inik sa a okipe apeprè de kawo tè nan pwopriyete Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a nan Oriskany, epi li gen ladan yon etan ki mezire yon kawo, yon kanal dlo viv ki fèt an beton, ak yon similatè inondasyon ibèn pou pèmèt sekouris yo resevwa fòmasyon sovtaj pratik nan ri ak bilding dlo inonde yo. Etablisman an pral sipòte fòmasyon nan plizyè teknik ak pwosedi ki nesèsè pou antreprann operasyon sovtaj sa yo, ki gen ladan sovtaj riveren, sovtaj “Go” yo kote sekouris la antre nan dlo oswa naje pou l fin konplete operasyon an, operasyon sovtaj ayeryen, ak manèv pou ijans nan bato yo. Lè nou melanje fòmasyon sa yo ansanm, yo pral rann etablisman vin tou premye espas fòmasyon konsa ke yo dedye sèlman pou fòmasyon premye sekouris yo.

DHSES ak Biwo Sèvis Jeneral la (Office of General Services, OGS) te fè patenarya nan devlopman etablisman sa a. Pwojè a, ki te yon apèl d'òf konpetitif, te koute 9 milyon dola epi li te kreye apeprè 100 djòb nan sektè konstriksyon an nan rejyon Mohawk Valley a.

Gen plis pase 100,000 ponpye ki repati atravè 1,800 depatman ak 66,500 ofisye polis nan 580 depatman atravè New York ki ka itilize etablisman sa a pou pèfòme operasyon sovtaaj nan dlo viv oswa nan senaryo inondasyon yo, ki gen ladan:

- Otomobilis ki kwense oswa ki bloke akòz dlo yo monte wo;
- Moun ki kwense nan kondisyon dlo viv yo; ak
- Moun ki kwense anndan, oswa sou do yon bilding dlo inonde yo.

Sa se dènye etap enpòtan nan yon efò amelyorasyon kapital k ap koute 42 milyon dola pandan plizyè ane k ap fèt nan Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a ki sitiye nan Oriskany, Konte Oneida. Eta a te pran angajman pou l gen premye sekouris ki pi byen fòme nan nasyon an epi l ap kontinye fè investisman nan etablisman fòmasyon sa a ansanm ak amelyorasyon kapital yo prevwa pou Akedemi Syans Ensandi Eta New York la yo (New York State Academy of Fire Science) ki sitiye nan Montour Falls la yo reflekte angajman sa a nou pran anvè sekirite ak pwoteksyon sila k ap viv, travay, ak vizite Eta New York la yo.

Inondasyon ka rive pandan nenpòt sezon nan ane a, epi se pi gran menas natirèl pou kay yo, fanmi yo, ak biznis nan Eta New York la yo. Antanke yon temwen padan Ouragan Irene, Tanpèt Twopikal Lee, ak Gwo Tanpèt Sandy a, inondasyon ka trè repandi, epi afekte gran pòsyon jewografik nan popilasyon an, epi sa ka lakoz efè an kaskad nan enfrastrikti nou an tankou pàn kouran repandi ak mank kabiran epi sa ka devaste ekonomi eta a. Dènyèman la, pandan ivè ki sot pase la ak nan kòmansman prentan an, plis pase 50 baraj glas yo fòme te lakoz pwoblèm inondasyon rivyè ak kouran dlo toupatou atravè eta a yo ki te andomaje kay ak biznis ki toupre yo, epi te lakoz Fòs Operasyonèl Nimewo 2 New York la (New York Task Force 2), Ekip Rechèch ak Sovtaj Iben Eta a (Urban Search and Rescue Team) ke Biwo pou Prevansyon ak Kontwòl Dife a (Office of Fire Prevention and Control) ap opere a, te bezwen al sekouri oswa evakye rezidan kominote Fort Covington lan yo ki sitiye nan rejyon North Country a.

Daprè Sèvis Metewo Nasyonal la (National Weather Service), an mwayèn, inondasyon lakoz uit milya dola nan dega ak 89 lanmò chak ane. Jiskaprezan, Eta New York la te resevwa plis Deklarasyon Gran Katastwòf FEMA yo (FEMA - Major Disaster Declarations) pase tout lòt eta yo sof 3, kote nou te gen 73 deklasyon depi 1953 epi pifò ladan yo gen rapò ak inondasyon.

Byenke nou pap janm ka konplètman elimine risk la, New York te fè gran pwogrès nan efò pou nou redwi risk yo epi amelyore rezistans a efè inondasyon yo toupatou atravè eta a. Itilizasyon nouvo etablisman pou sovtaaj nan dlo sa a ki nan Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a pral youn nan metòd ki pi inovatè pou fòme ekip repons ijans nou yo pou yo egzekite sovtaaj nan kondisyon kontwòle yo an tout sekirite epi li pral grandman amelyore kapasite pou nou pwoteje Nouyòkè yo.

Premye sekouris yo ka enskri pou yo resevwa fòmasyon sou sovtaj nan dlo viv ak inondasyon, epi wè lòt opòtinite fòmasyon ki genyen yo, lè yo vizite [kalandriye](#) Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Roger L. Parrino, Sr., te di, “Preparasyon premye sekouris nou yo pou yo ka evalye yon sityasyon epi reponn rapidman lè gen ijans ki menase lavi moun nan dlo viv ki an movman yo se yon konpetans enpòtan anpil yo bezwen lè gen evènman inondasyon yo. Nouvo, etablisman san parèy sa pral yon adisyon presye nan Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a epi li pral pèmèt etidyan ponpye, fòs lapolis, ak sèvis medikal ijans nou yo k ap soti toupatou atravè eta a yo gen ekspètiz pou yo pwoteje kominote yo”.

Komisè Biwo Sèvis Jeneral, RoAnn Destito, te di, “Depi lè li monte an fonksyon an, Gouvènè Cuomo te fè fas a yon bann seri ijans ki gen rapò ak move tan atravè Eta a, epi li te mete priyorite sou kontinye amelyore opòtinite fòmasyon ak konpetans premye sekouris vital nou yo. Mwen fyè paske ekip Konsepsyon ak Konstriksyon OGS la te jwe yon wòl nan kreyasyon etablisman sa a, k ap ofri sila ki ap ede pwoteje nou pandan sityasyon ijans yo fòmasyon pratik enpòtan yo bezwen”.

Administratè Ponpye Eta, Francis Nerney, te deklare, “Li souvan difisil pou pwograme kou pou kondisyon ideyal nan fòmasyon sou etandi dlo natirèl yo. Avèk etablisman sa k ap kòmanse fonksyone la, nou ap gen kondisyon ideyal yo pandan plizyè mwa nan ane a, sa ki vle di plis premye sekouris ka retounen pote jan de fòmasyon espesyalize sa yo nan depatman yo epi alafen ede pwoteje kominote y ap sè vi yo”.

Ken Pienkowski, Prezidan Asosyasyon Ponpye Eta New York la (Firemen’s Association of the State of New York, FASNY) te deklare, “Yo te fè apèl a ponpye New York la yo pou yo pèfòme sovtaj ki menm pi konplèks ak pi konplike ankò. Sovtaj nan dlo viv yo mande pou gen fòmasyon ki otman espesyalize, epi nouvo etablisman sa a pral ede asire ke sekouris yo kapab fè pratik konpetans ki ka sove lavi sa yo nan yon espas kote yo kontwole kondisyon yo. Sa pral benefik pou premye sekouris yo ansanm ak viktim evantyèl yo. FASNY remèsye Gouvènè Cuomo ak Administratè Depatman Ponpye Eta New York la, Nerney pou devouman yo anvè sekirite tout Nouyòkè yo epi paske y ap fè etablisman sa a vin yon reyalyte”.

Jerry DeLuca, Direktè Egzekitif ak Direktè Egzekitif Jeneral New York State Association of Fire Chiefs la te deklare, “Akoz de kondisyon natirèl ak atifisyèl yo, yo fè apèl a sèvis ponpye nan Eta New York la yo pi souvan pou yo mennen sovtaj nan dlo viv atravè eta a yo. Nouvo etablisman fòmasyon sa a pral pèmèt ponpye ak pèsònèl ijans k ap soti toupatou atravè New York la yo pou yo ka resevwa fòmasyon apwofondi, apwopriye an tout sekirite pou yo ka jere kondisyon danjre sa yo. Fòmasyon an pap depann de yon ti kouran dlo oswa yon rivyè yo jwenn ki gen kondisyon apwopriye pou fè fòmasyon ankò. Mwen felisite Gouvènè Cuomo ak Administratè Depatman Ponpye Eta New York la paske yo te gen prevwayans pou yo devlope etablisman modèn depwent sa a”.

Senatè Joseph A. Griffo te deklare,“Nou kontan anpil paske Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta New York la ap kontinye agrandi. Dènye agrandisman sa a pral ede ofri premye sekouris yo fòmasyon ak konpetans nesèsè pou lè y ap jere sitiyaasyon ak sovtaaj ki gen rapò ak dlo yo epi l ap plis amelyore wòl kle sant lan jwe nan sekirite ak pwoteksyon eta nou an”.

Manm asanble Anthony Brindisi te deklare,“Finisman etablisman fòmasyon modèn depwent sa a pral amelyore kapasite pou nou asire ke premye sekouris ki nan tout rejyon nou yo nan eta a gen eksperyans ak konesans yo bezwen lè gen yon sitiyaasyon ijans. Avèk ensidan move tan ekstrèm yo k ap kontinye rive deplizanpli, li nesèsè pou nou investè nan sekirite ak pwoteksyon New York, epi mwen aplodi efò Gouvènè a ap fè pou l asire ke fanm ak gason devwe sa yo resevwa fòmasyon apwopriye pou yo ka pwoteje rezidan yo”.

Chèf Egzekitif Konte Oneida, Anthony Picente, te deklare,“Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a y ap ajoute a ap pote plis premye sekouris k ap soti toupatou atravè eta a vin nan rejyon an pou amelyore fòmasyon ak konpetans yo. Sa pral lakoz plis biznis vin nan rejyon an epi li pral ekipe sekouris nou yo pou yo pi byen pwoteje popilasyon an kont danje ki asosye ak inondasyon yo”.

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò n ap fè pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook](#) la, swiv [@NYSDHSES](#) sou [Twitter](#) ak Instagram, oswa ale sou [dhSES.ny.gov](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)